



Avètisman sou dwa a vi prive nan FAU

revize: 1er septanm, 2020

**AVÈTISMAN SOU DWA A LAVI
PRIVE AK AVÈTISMAN STATIIBRID
pou**

**Komite Administratè nan Florida Atlantic
University, yon konpani piblik nan Eta
Florid 777 Glades Road, Boca Raton,
Florida 33431 Website:
<http://www.fau.edu/hipaa>**

AVÈTISMAN SA-A EXPLIKE KOMAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU KA UTILIZE E PATAJE AK KOMAN OU KA JWENN ENFÒMASYON SA-A. TANPRI PRAN SAN-W POU LI DOKIMAN SA-A.

Stati antite ibrid: – Dapre HIPAA, yon antite ibrid se yon sèl antite legal ki gen biznis nan sèvis medikal (ki konn rele “pati ki kouvri”) ak aktivite ki pa medikal (ki konn rele “pati pa kouvri”). Inivèsite Florida Atlantic chwazi lekòl medsin li an, lekòl enfimiyè a, depatman sèvis sante pou elèv, ak klinik syans kominikasyon ak maladi nan lekòl edikasyon an kòm pati ki kouvri. Tout lòt seksyon nan Inivèsite Florida Atlantic la egziste antan pati pa kouvri. Tout aktivite manb mendèv yo fè nan pati kouvri a dwe swiv règleman ak fòmalitye HIPAA yo. Sepandan, si manb mendèv nan pati ki pa kovri yo bezwen aksè pou itilize enfòmasyon sou sante-w ki proteje, y-ap gen pou swiv règleman sou proteksyon ak sekirite enfòmasyon moun.

ENFÒMASYON-W. DWA-W. RESPONSABILITE NOU.

On ti rezime

Dwa-w

Ou gen dwa pou ou:

- Resevwa on kopi papyè-w oswa kopi elektwonik dosye medikal ou
- Koriye papyè-w oswa kopi elektwonik dosye medikal ou

- Mande pou sa-w pale rete konfidansyel men m lè se on moun ka-p pale pou ou oswa ede-w
- Mande nou limite enfòmasyon nou pataje sou ou
- Gen on lis tout moun nou pataje enfòmasyon-w avek yo
- Gen on kopi avètisman sou vi prive sa-a
- Ranpli yon plent si-w panse yo pa respekte dwa a vi prive-w

Chwa-w

Ou gen le chwa nan fason nou itilize ak pataje enfòmasyon sou ou antan nap :

- Pale ak fanmi-w e zanmi-w sou kondisyon-w
- Bay soulajman oswa ranmase lajan pou ede apre yon kalamite natirèl
- Mete non-w ak nimewo-w nan lis yon lopital
- Bay swen pou sante mantal
- Fè reklam pou sèvis nou antan nap vann enfòmasyon-w

Lòt Itilizasyon ak Piblikasyon

Nou ka sèvi e pataje enfòmasyon-w antan n-ap:

- Trete-w, jere òganizasyon nou e resevwa peman pou sèvis nou
- Ede nan koze sante piblik ak sekirite e fè rechèch ak edike
- Respekte lalwa, lapolis oswa moun k-ap sipèvize, ak reponn pwosè ak aksyon legal
- Travay ak moun kap bay ògàn oswa lòt pati andedan kò yo, moun kap fè egzamen medikal oswa demann de direktè antèman.
- Reponn demann konpansasyon mendèv, moun ki fè respekte lalwa, ak lòt gouvènman

Egzèse dwa-w

Kantil saji de enfòmasyon sou sante-w, ou gen yon seri de dwa. Seksyon sa esplike-w dwa-w ak kèk responsabilite nou genyen:

Resevwa kopi elektwonik oswa kopi an papye dosye medikal ou

- Ou gen dwa mande pou wè oswa pou gen on kopi elektwonik oswa papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante nou genyen de ou, eksepte nan de ka limite. Mande nou koman pou-w fè sa.
- Nap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante-w, nòmalman sou 30 jou ou fè demand lan. Nou ka fè-w peye on ti kòb rezonab pou sa.

Mande nou pou nou korije dosye medikal ou

- Ou kapab mande nou korije enfòmasyon sou sante-w ou trouve ki pa kòrek oswa ki pa konplè. Mande nou koman pou-w fè sa.
- Nou ka di “non” a demand ou a, men nap di-w a lekri poukisa sou 60 jou epi nap mete enfòmasyon sou demand ou a nan dosye-w la. Nap dekri dwa-w pou di nou ou pa dakò ak desizyon nou an.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou gen dwa mande nou pou nou kontakte-w yon jan espesyal (pa egzanp, nan nimewo lakay ou oswa nan travay ou) oswa voye mesaj nan yon lòt adrès. Ou ka mande nou kominike avè-w sou koze sante-w nan yon jan oswa yon adrès.
- Nap di “wi” a tout demand ki fè sans.

Mande nou pou nou mete restriksyon sou enfòmasyon nou itilize oswa nou pataje

- Ou gen dwa mande nou pou nou pa itilize oswa pataje yon seri de enfòmasyon sou sante-w ki gen pou we ak tretman, peman, oswa sèvis nou. Nou pa oblije dakò ak sa-w mande a, e nou ka di “non” si sa ap afekte swen-w. Si nou dakò a demann ou a, nap fè sa-w mande a sòf si se yon enfòmasyon nou bezwen pou tretman an ijans, nou oblije pa lalwa, oswa nou oblije bay nan jan sa di nan avètisman sa-a.
- Si tout lajan pou yon sèvis oswa pou swen sante-w soti nan pòch ou, ou gen dwa mande pou nou pa pataje enfòmasyon sa-a pou rezon peman oswa sèvis ou genyen ak moun asirans sante-w. Nap di “wi” sòf si lalwa mande nou pou nou pataje enfòmasyon sa.

Genyen yon lis tout moun ki gen enfòmasyon-w

- Ou ka mande yon lis (rapò) de tout lè nou pataje enfòmasyon sou sante-w pandan si zan anvan dat ou fè demann la, ak kiyès nou pataje-l e poukisa.
- Nap mete tout enfòmasyon ladan-l eksepte enfòmasyon sou tretman, peman, ak sèvis sante, epi yon seri de lòt enfòmasyon (tankou nenpòt ou mande nou). Nap bay rapò pou yon lane gratis men nap chaje yon pri rezonab pou chak 12 mwa apre sa.

Jwenn yon kopi avètisman sou dwa a vi prive sa-a

- Ou gen dwa mande pou on kopi an papye de avètisman sa-a nenpòt kilè, menm lè ou te di ou vle on kopi elektwonik.
- Ou ka jwenn yon kopi eletwonik avètisman sa-a sou sit entènèt sa-a: [<http://www.fau.edu/hipaa>].

Dwa anka de aksè entèdi a enfòmasyon-w

- Ou gen dwa pou ou, e wap resevwa enfòmasyon sous sa nan ka ke, gen aksè entèdi a enfòmasyon-w, sèl si lalwa di nou pa oblije di sa.
- Ou gen dwa pou ou enfòmè si yon moun gen aksè a enfòmasyon-w ki entèdi e ou ap resevwa yon avètisman sòf si lalwa di nou pa oblije di sa.

Chwazi yon moun pou aji nan non-w

- Si ou bay yon moun dwa devan lajistis sou koze medikal ou oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa gen menm dwa avew e li ka pran desizyon sou enfòmasyon sou sante-w.
- Nap asire nou moun nan gen dwa vreman epi tou li ka aji pou ou anvan nou fè anyen.

Depoze yon plent si-w santi yo pa respekte dwa-w

Ou kap pote plent si-w santi yo pa respekte dwa-w etan wap kontakte nou (gade nan paj 1)

- Ou kapab depoze yon plent nan departman sante ak sèvis pou moun nan ofis pou dwa sivil antan wap voye on lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa ale sou sit www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou pap fè-w peye pou sa oswa pran pyès aksyon kont ou poutèt ou pote plent.

Egzèse chwa-w

Pou yon seri de enfòmasyon sou sante-w, ou gen dwa di nou sa-w chwazi pou nou pataje. Si-w gen yon preferans pou jan nou pataje enfòmasyon-w nan jan nou dekri yo anba-a, fè-n konnen. Nap fè jan-w di epi nap mande pou tout moun prouve idantite yo.

Nan ka sa yo, you gen dwa ak chwa pou-w di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi-w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki gen pou wè ak swen-w.
- Pataje enfòmasyon nan yon ka kote yo ede apre yon dezaz natirèl
- Mete enfòmasyon-w nan lis non pou pasyan

Si-w pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp paske ou pedi konesans, nou ka pataje enfòmasyon-w si nou panse se yon bagay ki nan enterè-w. Nou ka pataje enfòmasyon-w, menm si ou pa dokò, lè nou bezwen bese yon menas serye e prese pou sante oswa sekirite oubyen nan ka dijans ijans.

Nan ka sa yo nou pa jan-m pataje enfòmasyon-w amwens ke ou ba nou pèmasyon a lekri oswa lalwa mande sa:

- Pou fè reklam
- Vann enfòmasyon-w
- Yon qwo pati nan pataje nòt sikoterapi (eksepte nan on seri de ka)

Nou ka itilize yon seri enfòmasyon (non-w, adrès ou, nimewo telefòn ou, enfòmasyon imèl, laj, dat fèt ou, sèks ou, stati asirans sante-w, dat ou te resevwa swen sante, enfòmasyon departman sèvis, enfòmasyon sou doktè ki ap trete-w, oswa enfòmasyon jeneral sou sa nou jwenn) pou kontakte-w pou lè nou ap ramase lajan, epi tou nou ka pataje enfòmasyon sa yo ak fondasyon nou an pou menm rezon sa-a. Si nou kontakte ou pase nou ap ramase lajan, ou gen dwa di nou pa janm kontakte ou ankò nenpòt kilè. Si ou pa vle nou janm kontakte ou nan efò pou ranmase lajan, **tanpri kontakte nou pa imèl : OPTOUT@fau.edu oswa nan nimewo gratis : 888-605-0459**. Pa gen anyen ki di ou oblije aksepte mesaj sou efò pou ranmase lajan nan men nou, e nou ap respekte demann ou pou ou pa resevwa mesaj sou efò pou ranmase lajan nan men nou apre dat nou resevwa desizyon-w. Desizyon-w pap afekte tretman-w oswa pèman pou sèvis.

Sa nou pèmèt ak sa nou oblije itilize e pataje

Koman nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante-w nòmalmman? Nòmalmman nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou santew san pèmasyon-w nan ka sa yo.

Ba-w tretman epi ranje/jere swen sante-w – Nou ka itilize enfòmasyon sou sante-w epi pataje li ak lòt pwofesyonèl kap trete-w.

Pa egzanp: Yon doktè k-ap tretew pou yon domaj mande yon lòt doktè ki konnen de kondisyon sante-w an jeneral.

Fè òganizasyon nou an mache – Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sou sante-w pou nou fè biznis nou an mache, fè òganizasyon pou sekirite pasyan nou mache, amelyore sèvis nou bay ak sante-w, ansenye elèv, epi tou kontakte-w si gen bezwen.

Pa egzanp: Nou ka itilize enfòmasyon sou sante-w pou nou jere tretman-w ak sèvis nou ba ou.

Peman pou sèvis nou – Nou ka itilize e pataje enfòmasyon sou sante-w pou nou fè bòdwo epi tou resevwa peman nan men plan sante oswa lòt antite.

Pa egzanp: Nou bay plan asirans sante-w enfòmasyon sou ou pou li ka paye pou sèvis ou yo.

Ki lòt jan nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou santew?

Nou gen dwa oswa mande pou nou pataje enfòmasyon-w nan lòt jan san pèmasyon-w – nòmalmman se nan fason k-ap ede byen piblik, tankou sante piblik e rechèch ak Kèk lòt jan yo ekri anba-a. Nou oblije ranpli de kondisyon lalwa mande anvan nou ka pataje enfòmasyon-w pou rezon say o. Pou plis enfòmasyon ale nan:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Èd ak sante piblik e pwoblèm sekirite

- Nou ka pataje enfòmasyon sante sou ou nan on seri de ka tankou:
- Evite maladi
- Fè on moun ou ki te expoze a yon maladi oswa ou ki gen chans poul pran oswa bay lòt moun yon maladi oswa kondisyon
- Ede nan rapèl pwodwi
- Fè konnen lè ou gen move reaksyon a medikaman yo ba ou
- Fè konnen lè moun fèt ak lè yo mouri
- Fè konnen lèw sispèk abi, neglijan, oswa vyolans nan kay
- Evite oswa bese yon menas serye sou sante oswa sekirite nenkek moun

Fè rechèch ak enseye

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon-w pou rechèch sou sante oswa pou ranmase enfòmasyon poun sere pou nou ka itilize apre pou rechèch (sa ka bezwen revizyon ak akò yon konsèy enstitisyon pou revizyon) epi, sòf si ou di ou pa dakò, fè elèv yo ak etidyan medsin yo obsève e patisipe nan lè nap pale, egzamine ak bay tretman.

Fè sa lalwa mande

Nap pataje enfòmasyon sou ou si lajistis lokal oswa federal mande nou, epi tou depatman sante ak sèvis moun oswa lòt òganizasyon si yo vle wè si nap fè sa lwa federal sou lavi prive mande.

Reponn a moun ki mande ògàn oswa tisi nan kò

Nou ka pataje enfòmasyon sou ou ak òganizasyon ki renmase ògàn ak tisi nan kò.

Travay ak yon egzaminatè medikal oswa yon direktè antèman lè on moun mouri

Nou ka pataje enfòmasyon sou santew ak yon doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè antèman.

Adrese demann konpansasyon mendèv, moun ki fè respekte lalwa, ak lòt sa gouvènman mande

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou:

- Pou reklamasyon travayè men dev yo
- Pou koze respekte lalwa oswa moun ki fè respekte lalwa
- Ak ajans ki voye je sou lasante pou aktivite ke lalwa otorize (pa egzanp ajans ki fè respekte reklamasyon e ki mande lisans oswa saki nesesè pou on bagay legal)
- Pou sektè espesyal gouvènman (pa egzanp lame, sekirite nasyonal, ak sèvis proteksyon prezidan)
- Ak otorite ki mennen lame, si ou manb fòs lame
- Ak enstitisyon koreksyon ki gen dwa legal sou ou, si li nesesè pou santew ak sekirite lòt moun

Reponn pwosè ak aksyon legal

- Nou ka pataje enfòmasyon sou ou si lajistis oswa yon lòd administratif oswa yon manda mande sa.

Asosye nan biznis

- Nou ka pataje enfòmasyon ak moun nou nan biznis avè yo pou tretman nap bay, koze peman owa swen sante pou ou.

Lòt jan nou sèvi

- Fè sonje randevou
- Dekri oswa rekòmande lòt tretman
- Bay enfòmasyon sou benefis ki gen pou wè ak koze sante epi tou ak sèvis ki ka entèrese-w.

Responsabilite nou

- Nou oblije pa lalwa pou nou kenbe dwa a lavi prive ak sekirite sou tout enfòmasyon sou santew epi bawou avètisman de devwa legal nou ak jan nou pwoteje enfòmasyon sou santew.

- Ou gen dwa pouw konnen, e nap fèw konnen touswit, si moun ki pa gen dwa jwenn ak enfòmasyonw ki ka mete dwa a vi prive oswa sekirite enfòmasyonw an danje, sòf si lalwa di nou pa bezwen fè sa. Avètisman nou an ka pran tan si moun kap fè respekte lalwa mande sa.
- Nou oblije swiv devwa ak sa nou oblije fè pou pwoteje lavi prive jan sa dekri nan avètisman sa e baw yon kopil.
- Lòt jan nou sèvi et pataje enfòmasyon sou sante ki pa kouvri nan avètisman sa oswa lè lalwa mande ap disponib sèlman lè ou banou pèmisyon a lekri. Siw banou pèmisyon pou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante, ou mèt anile pèmisyon an nenpòt kilè a lekri. Siw anile pèmisyon an, nou pap itilize oswa pataje enfòmasyon sou santew poutèt rezon ou di nou yo. Si nou te deja pataje yon enfòmasyon out e banou pèmisyon pataje nou paka rebranl.

Sonje pouw di nou si gen ankenn chanjman nan enfòmasyon pou nou kontakew tankou adrès ou ak nimerò telefòn ou pou nou ka kontakew si nou bezwen.

Pou plis enfòmasyon ale sou:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan kondisyon nan avètisman sa

Nou ka chanje kondisyon nan avètisman sa, epi chanjman sa yo ap aplike a tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Si se gwo chanjman ki fèt, nap baw yon nouvo vèsyon de avètisman saa. Nouvo avètisman-an ap disponib si ou bezwen-l, nan ofis nou, ak nan sit entènèt nou an.

Kontakte sèvis enfòmasyon pou keksyon ak kòmantè

Chèf Ofisye dwa a vi prive:

561-297-3004

privacy@fau.edu